



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 4 Mathematics Test, Book 3**  
**March 3–7, 2008**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 3**

Ane **4**

**3–7 mas 2008**

Non \_\_\_\_\_



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an avèk atansyon.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



**40**

Alex ap fè 14 salad fwi pou yon fèt. Li mete 9 seriz nan chak nan salad fwi li yo. Ki kantite total seriz Alex itilize pou salad fwi li yo?

***Montre travay ou.***


***Repons*** \_\_\_\_\_ seriz

***Kontinye***

41

Jamal ap fè yon bòdi an brik toutotou jaden li, jan yo montre sa anba a.

### JADEN JAMAL LA



[pa trase selon echèl la]

Ki perimèt jaden Jamal la an pye?

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ pye

**42**

Janice te achte yon kaye pou \$3,75 ak yon kreyon pou \$0,47. Li te bay kesye a \$5,00. Konbyen lajan ki rete pou Janice resevwa?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \$ \_\_\_\_\_

***Kontinye***

**43**

Madmwazèl Guzman ap trikote 60 chapo. Tablo ki anba a montre kantite total chapo li trikote nan fen Semenn 2 rive nan Semenn 5.

### CHAPO MADMWAZÈL GUZMAN YO

Semenn	Kantite Total Chapo
2	12
3	18
4	24
5	30



**Pati A**

Si modèl ki nan tablo kontinye, konbyen chapo Madmwazèl Guzman trikote nan fen Semenn 6 la?

**Repons** \_\_\_\_\_ chapo

Sou liy ki anba yo, eksplike fason ou jwenn repons ou.

---

---

---

---

---

---

**Pati B**

Si modèl ki nan tablo kontinye, nan fen ki semenn Madmwazèl Guzman trikote 60<sup>yèm</sup> chapo a?

**Repons** Semenn \_\_\_\_\_

**Kontinye**

**44** Mesye Phillips te achte 8 bwat plim. Genyen 12 plim nan chak bwat.

***Pati A***

Ki kantite total plim ki nan 8 bwat yo?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_ plim

***Pati B***

Ekri yon fraz nimerik ki jwenn kantite total plim ki nan **3** nan bwat yo.

***Fraz nimerik*** \_\_\_\_\_ = \_\_\_\_\_

**45** Whitney ekri modèl nimerik ki anba a.

1, 2, 4, 8, 16,   ?

Ki pwochen nonb ki pou nan modèl la?

**Repons** \_\_\_\_\_

Sou liy ki anba a, ekri règ pou modèl Whitney a.

**Règ** \_\_\_\_\_

**46** Mesye Bruni genyen yon total 42 teta nan 3 akwaryòm li yo. Chak akwaryòm genyen menm kantite teta. Konbyen teta ki genyen nan chak akwaryòm?


**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ teta

***Kontinye***

47

Istogram ki anba a montre tanperati ba pou Albany, New York, pou kat jou nan mwa fevriye a.



Ranpli tablo ki anba a pou montre tanperati ba ki nan Albany pandan kat jou ki endike nan istogram lan.

Asire ou

- mete tit pou tablo a
- mete lejann pou premye kolòn lan
- trase graf tout done yo

---

	Tanperati (°F)

***Kontinye***

**Pati A**

Chak ekspresyon ki nan premye kolòn anba a ekivalan a youn nan ekspresyon ki nan dezyèm kolòn lan. Trase yon liy ant pè ekspresyon ki ekivalan yo. Yo trase premye liy lan pou ou.

$5 \times (3 \times 7)$	$8 + 7$
$(5 + 3) + 7$	$3 + 8$
$(3 \times 2) \times 6$	$(5 \times 3) \times 7$
$3 + (2 + 6)$	$3 \times (2 \times 6)$

**Pati B**

Joseph ekri fraz nimerik ki anba a.

$$(2 \times 3) \times 4 = 24$$

Olivia re-ekri fraz nimerik Joseph la epi li gwoupe chif yo yon fason diferan. Konplete fraz nimerik Olivia ki anba a pou montre nouvo gwoupman an. Itilize **tout** chif ak senbòl ki nan fraz nimerik Joseph la.

**Fraz nimerik Olivia** \_\_\_\_\_ = 24

# RETE LA



---

---

Place Student Label Here



**Ane 4**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 3**  
**3–7 mas 2008**

**Grade 4**  
**Mathematics Test**  
**Book 3**  
**March 3–7, 2008**